

Mitos lan Tradhisi ing Pasareyan Sunan Bejagung Semanding Kabupaten Tuban (Tintingan Folklor)

Merry Crista

S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Merrycrista123@gmail.com

Drs.H. Sukarman, M.Si

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa Dan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Mitos lan tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung sing maneka werna jinise kalebu sing nganti saiki isih diugemi dening masyarakat mligine masyarakat desa Bejagung. Tradhisi haul sunan Bejagung lan manganan, nadzar, sumpah pocong, kedhuk sumur, dhawetan, lan barikan dene mitos ngenani legendha Sunan Bejagung lan kapitayan-kapitayan sing ana ing njeroné mujudake rasa panyengkuyung tumrap pitutur becik lan tetinggalan Sunan Bejagung sarta rasa syukur marang Gusti.

Uderan saka panliten iki yaiku: (1)Kepriye mula bukane tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (2) Mitos apa wae sing ana ing Pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban (3)Tradhisi apa wae sing ana ing Pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (4)Apa wae uba rampe kang kinandut sajroné tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (5)Kepriye tata laku tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (6)Kepriye makna kang kinandut sajroné tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (7)Kepriye fungsi lan nilai budaya sajroné tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (8)Kepriye panemune masyarakat tumrap tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.

Landhesan analisis digunakake kanggo ngonceki prekara sajroné panliten iki, tradhisi, mula buka, tata laku nggunakake teori folklor Danandjaja, makna simbolis dilandhesi hermeneutik pamawase Sumaryono lan semiotik panemune Noth, fungsi bakal ditintangi teori Bascom, nilai budaya bakal diandharake nggunakake teori saka Lantini. Metodhe sing digunakake sajroné panliten yaiku dheskriptif kualitatif dene tata cara ngumpulake dhata lumantar observasi, wawancara, lan kuesioner.

Asile panliten yaiku: (1)MLTIPSB minangka wujud panghormatan marang Sunan Bejagung lan wiwitane tradhisi uga nerusake saka kebiasaan-kebiasaan lan pitutur becike Sunan Bejagung semana uga kapitayan sing nganti saiki isih kajaga lan diugemi, (2)Tradhisi sing ana lan tetep diugemi dening masyarakat Desa Bejagung lan masyarakat saka njaba yaiku haul Sunan Bejagung lan manganan, nadzar, sumpah pocong nanging wis ora diwenahi ijin, dhawetan, barikan, lan kedhuk sumur. Kapitayan sing dipitayani masyarakat nganti saiki yaiku kapitayan marang banyu sumur gemuling, ora oleh dodol sega ing sakiwatengene pasareyan, pesugihan, dina Kemis Pon malem Jemuwah Wage sarta mitayani yen bangunan-bangunan tetinggalane Sunan Bejagung nduweni makna ajaran saka Sunan Bejagung, (3) Uba rampe lan tata laku sajroné tradhisi nduweni makna simbolis kang gunane kanggo antuk berkah saka Gusti Allah lumantar Sunan Bejagung minangka Waliyullah, (4) Pigunane MLTIPSB tumrap masyarakat yaiku minangka sistem proyeksi, pengesahan pranata-pranata, pendhidhikan kang ngandut nilai religi, sosial, lan etika, ngraketake paseduluran, nentremake ati, ngalab berkah, lan sarana pelestari budaya.

Nilai kang kinandut yaiku nilai pangabekten, nilai tulung tinulung, kerukunan, lan tresna marang liyan, (5) Panemune masyarakat sarujuk banget yen kabeh tradhisi lan kapitayan ing PSB dijaga lan diugemi minangka budya daerah lan warisna leluhur supaya kena kanggo sinau anak putu amarga sing saiki ngerti ngenani PSB kanthi cetha mung wong-wong sepuh para muda namung waton ngerti.

Abstrak

Mitos dan tradisi di makam Sunan Bejagung yang beraneka macam jinisnya merupakan tradisi yang sampai sekarang masih dijaga oleh masyarakat khususnya masyarakat Desa Bejagung. Tradisi haul Sunan Bejagung dan sedekah bumi, nadzar, sumpah pocong, kedhuk sumur, dhawetan, dan barikan serta mitos yang wujudnya berupa legenda Sunan Bejagung serta kepercayaan-kepercayaan merupakan perwujudan dari bentuk dukungan terhadap semua nasihat baik dan semua bentuk peninggalan Sunan Bejagung serta wujud rasa syukur kepada Tuhan.

Rumusan masalah dari penelitian ini yaitu: (1) Bagaimana awal mula tradisi dimakam Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (2) Mitos apa saja yang ada dimakam Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban (3) Tradisi apa saja yang ada dimakam Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (4) Apa saja perlengkapan yang terdapat didalam tradisi dimakam Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (5) Bagaimana tata cara tradisi dimakam Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (6) Bagaimana makna yang terkandung didalam tradisi dimakam Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (7) Bagaimana fungsi dan nilai budaya didalam tradisi dimakam Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban, (8) Bagaimana tanggapan masyarakat terhadap tradisi dimakam Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.

Landasan analisis yang digunakan untuk menjawab rumusan masalah dalam penelitian ini adalah tradisi, awal mula, tata cara tradisi dijelaskan menggunakan teori folklor Danandjaja, makna simbolis didasari hermeneutik dari Sumaryono dan semiotik Noth, fungsi dijelaskan menggunakan teori Bascom, nilai budaya dalam penelitian ini akan diuraikan menggunakan teori dari Lantini. Metode yang digunakan adalah metode deskriptif kualitatif sedangkan tata cara mengumpulkan data melalui observasi, wawancara, kuesioner atau angket.

Hasil dari penelitian ini, yaitu: (1) MLTIPSB sebagai wujud penghormatan terhadap Sunan Bejagung dan semua tradisi diulai karena meneruskan dari kebiasaan-kebiasaan serta nasihat-nasihat baik Sunan Bejagung begitu juga dnegan kepercayaan yang smapai sekarang masih dijaga kelestariannya, (2) Tradisi yang ada tetap dijaga kelestariannya dan dilaksanakan smapai skearang adalah tradisi haul Sunan Bejagung dan sedekah bumi, tradisi nadzar, barikan, dhawetan, kedhuk sumur, dan sumpah pocong yang sekarang sudah tidak diberi ijin lagi. Kepercayaan yang sampai sekarang masih hidup dimasyarakat adalah kepercayaan terhadap air sumur Gemuling, tidak boleh berjualan disekitar komplek makam, tidak boleh memakan ikan meladang, pesugihan, dan kepercayaan terhadap hari kamis pon malam jumat wage, (3) Perlengkapan dan tata cara dalam semua tradisi mempunyai makna simbolis kang tujuwan utamanya adalah untuk memperoleh berkah dari Gusti Allah melalui Sunan Bejagung sebagai Waliyullah, serta kepercayaan terhadap semua bentuk bangunan peninggalan Sunan Bejagung yang syarat nilai ajaran beliau, (4) MLTIPSB mempunyai manfaat terhadap masyarakat antaranya sebagai sistem proyeksi, pengesahan pranata, pendidikan yang mengandung nilai religi, sosial, dan etika, merekatkan persaudaraan, menentramakan hati, mencari berkah, dan sarana pelestari budaya. Nilai yang terkandung didalamnya adalah nilai tolong menolong, kerukunan, cinta sesama, kerukunan, dan nilai tentang bakti, (5) Pendapat masyarakat hampir semuanya setuju bahwa seluruh tradisi dan kepercayaan didalam PSB untuk terus dijaga keberlangsungannya dan dilestarikan sebagai warisan leluhur dan kekayaan kebudayaan daerah supaya dapat dipergunakan untuk sarana pembelajaran anak cucu karena sampai saat ini yang paham tentang PSB dengan berbagai tradisi dan kepercayaan yang

sangat besar didalamnya hanya orang tua dan kaum akademisi yang pernah meneliti didalamnya saja, para remaja kebanyakan hanya tau tapi tidak memahami.

PURWAKA

Landhesan Panliten

Salah sawijine wujud kabudayan lokal kang isih ngrembaka yaiku folklor. Danandjaja (2007 : 2) ngandharake yen folklor yaiku separo kabudayan sajrone *kolektif*, kang kasebar lan diwarisake turun-temurun, antarane *kolektif* jinis apa wae.

Tradhisi sajrone Pasareyan Sunan Bejagung ing Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban sabanjure bisa dicekak MLTIPSB. Babagan iki kalebu warisan budaya kang bisa ilang yen ora dingleluri. Mula saka kuwi, panliten ngenani budaya ing bebrayan kudu digatekake kanthi ajeg, kang mujudake rasa pedhuli kita tumrap kabudayan kang arep utawa isih moncer. Panliten iki kagolong sajrone folklor separo lesan, amarga wujud ngenani kapitayan rakyat, adat istiadat, sarta slametan, sajrone panliten iki uga nyritakake ngenani mula bukane pasareyan Sunan Bejagung utawa legendha pasareyan kang kalebu folklor lesan. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliti kapengen ngerteni MLTIPSB luwih jero lan luwih rowa supaya bab-bab kang wigati ing bebrayan mligine ing desa Bejagung ora ilang lan bisa kanggo sarana pasinaon anak putu. Saben kapitayan utawa tradhisi mesthi bakal owah slaras karo pangreMbakane jaman senadyan ora kena pangaribawane budaya liya (Ihromi, 1984:32). Budaya kuwi asipat dinamis kairing karo owah-owahan pamikire manungsa kang ngasilake budaya. Masyarakat Jawa asipat tinarbuka marang lumebune samubarang kang anyar senadyan isih milah-milih lan nggathukake karo kapribadene dhewe. Kapitayan lan tradhisi kang ora menehi piguna lan ora nduweni paedah tumrap bebrayan bisa dipesthekake bakal muspra. Semono uga tumrap bebrayan sasuwene-suwene bakal ilang, amarga wiwit kagiles faktor ekonomi, pendhidhikan, lan Pakaryan.

Anane crita rakyat ngenani Sunan Bejagung sarta pasareyane Sunan Bejagung sing nganti saiki isih kajaga nduweni daya pangaribawa kang gedhe banget tumrap

bebrayan Desa Bejagung. MLTIPSB nduweni sambung raket karo ngugemi tradhisi Jawa ing Desa Bejagung, daya pangaribawa ing babagan agama, ekonomi, lan kapitayan gedhe banget. Mula saka kuwi crita legendha nduweni kaluwihan saka liyane. Panliten ngenani MLTIPSB minangka salah sawijine wujud tuladha kang trep kanggo ngleluri budaya Jawa, panliten iki bisa dadi sarana supaya kabudayan Jawa ora muspra kagerus mobah-mosike jaman, sarta ora gampang disirnakake dening kabudayan manca kang saya suwe saya disenengi masyarakat. Katitik saka pamawas ing ndhuwur nuwuhake pepenginan panliti kanggo ngudal lan mbabar MLTIPSB amrih ora cures lan tansaya ngrembaka. Panliten arep ngandharake nggunakake analisis mula bukane (sejarah), struktur legendha, fungsi, nilai-nilai kapitayan sajrone tradhisi sing isih ana ing MLTIPSB sarta tanggapan masyarakat tumrap kahanane kapitayan sajrone tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung kang isih diugemi dening masyarakat Kabupaten Tuban mligine masyarakat sakupenge pasareyan kanthi tintingan folklor. Panliten kaya mangkene amrih bisa nduduh semangate para muda supaya nduweni krenteg njaga lan nyengkuyung kabudayan Jawi, ora mung njaga uga perlu mangerteni babagan mau, arep diwujudake sajrone laporan panliten kanthi irah-irahan Kapitayan lan Tradhisi Sajrone Pasareyan Sunan Bejagung Ing Desa Bejagung Kecamatan Semanding, Kabupaten Tuban (Tintingan Folklor).

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, mula punjering panliten kang nduweni sesambungan karo MLTIPSB ing tlatah Tuban sajrone panliten iki bisa kaperang kaya ing ngisor iki.

- (1) Kepriye mula bukane tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban?

- (2) Mitos apa wae sing ana ing Pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban?
- (3) Tradhisi apa wae sing ana ing Pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban?
- (4) Apa wae ubarampe sajrone tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban?
- (5) Kepriye tata laku tradhisi ing Pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban?
- (6) Kepriye makna kang kinandut sajrone tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban?
- (7) Kepriye fungsi lan nilai budaya sajrone tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban?
- (8) Kepriye panemune masyarakat tumrap tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban?

Ancase Panliten

Panliten MLTIPSB ing Desa Bejagung, Kecamatan Semanding, Kabupaten Tuban iki nduweni ancas. Ancas kasebut ana sesambungane karo isine panliten MLTIPSB iki. Ancas sajrone panliten iki, antarane:

- (1) Njlentrehake mula bukane MLTIPSB ing Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.
- (2) Njlentrehake mitos sing ana ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.
- (3) Njlentrehake Tradhisi sing ana ing Pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.
- (4) Njlentrehake ubarampe sajrone tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.
- (5) Njlentrehake tata laku tradhisi ing Pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.
- (6) Njlentrehake makna kang kinandut sajrone tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung

Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.

- (7) Njlentrehake fungsi lan nilai budaya sajrone tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.
- (8) Njlentrehake panemune masyarakat tumrap tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.

Paedahe Panliten

Paedahe panliten kaperang dadi Loro yaiku kanthi teoritis lan kanthi praktis. Paedahe, kanthi cara teoritis panliten iki bisa migunani kanggo nyumbang kawruh ing saedhanging fokLor separo lesan, kaya ta tradisi lan kapitayan. Dene cara praktis panliten iki bisa migunani tumrap:

- (1) Pamaca, supaya asil panliten iki bisa menehi informasi ngenani sejarah, fungsi, makna tradhisi lan kapitayan, sarta tanggapan masyarakat ngenani MLTIPSB Desa Bejagung, Kecamatan Semanding, Kabupaten Tuban.
- (2) Panulis, supaya bisa nambah kawruh ngenani folklor (lisan lan separo lisan) kang ana ing dhaerahe dhewe-dhewe, sarta bisa ningkatake kemampuan apresiasi crita rakyat kang awujud legendha.
- (3) Panliti liyane, supaya bisa dadi referensi sajrone panlitene sing bacute sarta bisa dadi semangat lan paring motivasi sajrone nglakoni panliten folklor mligine legendha ing dhaerah-dhaerah tertamtu.
- (4) Pamrentah Kabupaten Tuban, mligine ing babagan kabudayan tan tradhisi supaya bisa didadekake bahan dhokumentasi lan bisa ngreMbakake folklor ing Kabupaten Tuban.
- (5) Masyarakat Desa Bejagung, supaya bisa dadi sumber informasi ngenani MLTIPSB ing Desa Bejagung, Kecamatan Semanding, Kabupaten Tuban sarta minangka dhokumentasi piwulang tumrap bocah-bocah.

Wewatesane Panliten

Tujuwan saka anane wewatesan iki supaya ora uwal uga trep saka konsep sing wis karonce. Wewatesan saka prakara iki yaiku ngrembug babagan wujud folklor lisan lan separo lesan

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Konsep Folklor

Kanthi etimologis Folklor sing asale saka bangsa kulon yaiku Folklore, kang dumadi saka rong tembung folk lan Lore. Miturut Dundes nduweni teges kumpulaning manungsa kang nduweni pratandha fisik, sosial, lan kabudayan saengga bisa dibedakake karo klompok liyane. Dene Lore ateges tradhisi kang diduweni folk mau, tegese saperangan kabudayan sing diwarisake turun-temurun kanthi cara lisan utawa lumantar tuladha sing nduweni gerak isyarat utawa piranti pambiyantu agawe pangeling-eling. Saka katrangan iku mau bisa didudut yen Folklor nduweni teges saperangan kabudayan salah sawijine kang sumebar sarta diwarisake kanthi cara turun-temurun, ing jinis kolektif apa wae, kanthi tradhisional nanging versine bisa beda-beda, dene ing wujud lisan kanthi gunakake tuladha, yaiku anane gerak isyarat utawa piranti pambiyantu (Danandjaja, 2007:1-2).

Landhesan Analisis

Landhesan teori analisis iki digunakake kanggo lelandhesan ngolah dhata MLTIPSB adhedhasar prekara kang kepengin dionceki. Sajrone perangan ing ngisor iki bakal diandharake landhesan teori saka sawenehing para ahli kang digunakake kanggo nintingi bab sajrone objek panliten. Lelandhesan kuwi mau, digunakake supaya andharan babagan panliten tansah lumaku adhedhasar konsep kang wis ditemokake. Kanggo nintingi lelandhesane prekara mula bukane (legendha) MLTIPSB lan kapitayan, tradhisi, lan mitos sing ana ing njerone bakal nggunakake teori folklor. Nomer loro yaiku babagan makna simbolis kang kinandhut sajrone MLTIPSB bakal kaandharake teori ngenani semiotik miturut Pierce (sajrone Luxemburg, 1992:44-46) ngandharake yen simbol kuwi mujudake salah sawijine tandha kang wis umum sajrone masyarakat Jawa

kang ana ing mula bukane utawa legendha, kapitayan lan tradhisi sajrone MLTIPSB, fungsi tradhisi lan kapitayan tumrap masyarakat panyengkuyunge sarta *eksistensi* nganti saiki.

nanging ora kabeh wong ngerteni makna saka kaeh simbol mau. Cundhuk karo teori simbol miturut Noth sajrone (Ratna, 2009:171). Miturut Sumaryono (1999: 23) tembung hermeneutik asale saka basa Yunani *hermeneuein* tegese nafsirake, yen tembung aran *hermeneia* sacara harfiah bisa ditegesi "*penafsiran*" utawa *interpretasi*. Hermeneutik bisa diteraPake ana ing ilmu-ilmu kemanungsan kayata sejarah, ukum, agama, filsafat, seni, kasusastran utawa ilmu linguistik.

Nomer telu ngenani fungsi kang bakal nggunakake konsep fungsi Bascom. Miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:19), ngndharake fungsi Folklor kuwi ana papat, yaiku: (1) Minangka sistem proyeksi, sarana kaca benggane angen-angen salah sawijine kolektif, (2) Sarana pengesahan budaya, (3) Sarana pendhidhikan, (4) Piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya pranata bebrayan tetep isa diugemi. Sajrone nindakake teori fungsi mesthi ana modhifikais, ing kene ketaMbahan anane fungsi liya kayadene minangka sarana ngalab berkah, srana kanggo nentremake ati, minangka sarana ngraketake paseduluran lan sarana peestarian budaya.

Nomer papat ngenani nilai budaya bakal diandharake nggunakake panemu saka Lantini (1996:251) merang nilai budaya dadi telu, yaiku: (1) Nilai didaktik: yaiku nilai kang asipat pasinaon. Pasinaon iku maneka warna jinise antarane nilai agama, kepahlawanan, budi pekerti, lan liya-liyane, (2) Nilai religius: yaiku nilai kang raket sambungane antarane manungsa lan Gustine, kaya dene nindakake akidah agama lan ngupaya cedhak marang Gustine, (3) Nilai etik: yaiku sesambungan sebab akibat antarane apik lan alane manungsa.

Pungkasan yaiku panemune masyarakat ngenani MLTIPSB yaiku kanggo ngerteni akeh apa orane masyarakat mligine ing Kabupaten Tuban kang ngerteni ngenani isi, crita, kapitayan, sarta tradhisi-tradhisi kang

kinandut sajrone MLTIPSB sarta bisa ngerteni kepriye pamawase masyarakat ngenani kabudayan Jawa kang ngnti saiki isih dingleluri kanthi apik. Tanggapan masyarakat bisa kaukur kanthi nggunakake angket.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten MLTIPSB iki nggunakake ancangan panliten dheskriptif kualitatif. Bogdan lan TayLor (sajrone Moleong, 2012:4) ngandharake yen ancangan kualitatif minangka sawijine paugeran panliten kang ngasilake dhata dheskriptif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang gunakake latar ilmiah, kanthi teges kanggo njlentrehake prastawa kan dumadi lan dilakoni kanthi cara nggunakake metodhe kang ana Denzin lan Lincoln (sajrone Moleong, 2012:5). Sudikan (2001:85) ngandharake metodhe dheskriptif kualitatif yaiku metodhe kang nggunakake cara nyathet kanthi njlimet lan tlti sakabehane kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca saka asil wawancara, video, rekaman, dokumen, lan sapanunggalane.

Papan Panliten

Miturut Endraswara (2006:5) anggone nglumpukake dhata sajrone panliten budaya kudu nemtokake papan panliten, jalaran papan panliten kang wigati. Kaya dene ing panliten iki, kang dadi objek panliten yaiku MLTIPSB, mula nganti tekan saiki isih akeh pawongan kang nekani pasareyan Sunan Bejagung kanggo ndedonga supaya bab kang dikepengini bisa digayuh sarta kanggo antuk tamba lumantar banyu sumur tinggalane Sunan Bejagung lan supaya diadohke saka babagan ala. Papan panliten iki mligine ing Kabupaten Tuban Kecamatan Semanding amarga masyarakat Kabupaten Tuban minangka masyarakat panyengkuyunge MLTIPSB kasebut.

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku sumber kang menehi informasi utawa kawruh marang panliti. Hoflan (sajrone Moleong, 2002:153) njlentrehake sumber dhata sajrone panliten ana Loro, yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Ing panliten iki kang kalebu informan primer yaiku Mbah Modin Munandar juru kunci Pasareyan Sunan

Bejagung Lor lan Pak Supadi juru kunci Pasareyan Sunan Kidul minangka pawongan kang ngerti ngenani MLTIPSB. Nomer Loro yaiku Pak Pardani, S.Pdi minangka pawongan sing mangerteni babagan bangunan ing sakupenge pasareyan sing ngemu sejarah sarat fungsi lan maknane. Nomer telu kang kalebu informan sekunder yaiku Carik Desa Bejagung minangka pawongan sing bisa menehi informasi ngenani kahanan papan lan masyarakat sarta dhokumentasi kagiyatan kang ditindakake ing pasareyan, sabanjure kang kalebu informan sekunder yaiku masyarakat Kabupaten Tuban kang dadi peziarah utawa pangunjung pasareyan minangka panyengkuyung Folklor iki lan salah sijine mrebot ing pasareyan Sunan Bejagung Kidul.

Dhata Panliten

Dhata yaiku katrangan utawa bahan nyata sing bisa didadekake dhasar kajian, (Moeliono, 1989:187). Panliten ngenani MLTIPSB dhatane awujud dhata lisan lan dhata ngenani samubarang apa wae sing dadi tininggalane Sunan Bejagung kang kebak fungsi lan makna simbolis. Sajrone panliten MLTIPSB ing Desa Bejagung Kecamatan Semanding kanthi tintingan Folklor iki, informane yaiku (1) Mbah Modin Munandar umure sampun 56 taun, panjenengane minangka juru kunci Pasareyan Sunan Bejagung Lor sarta Modin sepuh ing desa Bejagung, (2) Modin Pak Supadi minangka juru kunci Pasareyan Sunan Bejagung Kidul sarta modin ing KUA Kecamatan Semanding, (3) Pak Pardani, S.Pdi minangka Guru mata pelajaran Agama Islam lan Basa Jawa ing SMPN 1 Semanding sarta Dhosen jurusan PAI ing Ponpes Bejagung, (4) Pak Sutopo minangka Sekretaris Desa Bejagung utawa Pak Carik minangka wakile masyarakat panyengkuyunge MLTIPSB, (5) Para mrebot lan pemangku maqom sarat perangkat-perangkat desa Bejagung liyane kang nduweni pangaribawa gedhe tumrap MLTIPSB.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku cara kang digunakake kanggo ngasilake lan nglumpukake dhata sajrone panliten. Ing panliten iki nggunakake tata cara nglumpukake

dhata kaya kang bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

Observasi

Observasi yaiku tata cara nglumpukake dhata utawa katrangan kanthi ngemati langsung marang objek (kagiyatan-kagiyatan sing ana) ing periode tertamtu, saengga bisa ngasilake dhata ngenani tingkah lakune pawongan kasebut, apa sing dipocapake lan apa sing ditindakake (Purwoko, 2006:5).

Wawancara

Miturut Sudikan (2001:90) wawancara yaiku tatacara nglumpukake katrangan utawa dhata ngenani panguripan manungsa ing urip bebrayan. Koenjaraningrat (1986:136) ngandharake yen wawancara bisa diperang dadi rong jinis yaiku, wawancara adhedhasar butuh orane panliti nyusun dhaftar pitakonan kanggo pedhoman wawancara.

Kuesioner

Kuesioner yaiku sawijine tatacara nglumpukake informasi kanggo nganalisis lan nyinaoni sikap-sikap, kapitayan, tatalaku, karakteristik sawijine wong kang utama ana ing sajrone masyarakat. Kuesioner kang digunakake sajrone panliten iki awujud angket. Tatacara kuesioner utawa angket iki digunakake supaya ngolehake asil dhata sing padha karo sing dikarepake. Arikunto (2006:151) ngandharake yen angket yaiku saperangan pitakonan tinulis kang digunkake supaya oleh wangsulan saka informan utawa koresponden.

Dhokumentasi

Dhokumentasi sajrone panliten iki ditindakake supaya oleh gambaran umum ngenani lokasi, utawa dhata-dhata kang wis diklumpukne saka instansi kang relevan karo tema panliten iki yaiku ing desa Bejagung. Guba lan Lincoln (sajrone Moleong, 1986:216) ngandharake yen dhokumen yaiku saben bahan kang tinulis utawa film, dene dhokumentasi miturut Afifudin (2009:141) yaiku sawijne tehnik kanggo nglumpukake dhata lan katrangan kanthi nggoleki lan nemokake bukti-bukti.

Alih Wacana (Transkripsi)

Alih wacana (transkripsi) saka tulisan nang tulisan iku ora gampang, miturut Riceour (sajrone Sudikan, 2014:254) nulis lan nutur utawa tulisan lan tuturan kemampuane manungsa iku asale saka rong bentuk kang beda. Banjur, Hutomo menehi petunjuk sajrone nglakokake transkripsi saka wacana lisan lan tulis. Proses transkripsi kaperang dadi papat, yaiku: (1) Transkripsi kanthi cara kasar, tegese kabeh swara sajrone rekaman dipindahake nang tulisan tanpa nggatekake tanda waca, (2) Transkripsi kasebut disampurnakake, (3) Sawise transkripsi disampurnakake, panliti wiwit njingglengi asli transkripsine, kayata menehi tanda waca, (4) Ngetig, sabanjure asile transkripsi kang wis pener diketig, teks kang wis dadi dijenengake teks lisan. Teks kasebut sabanjure digawe bahan analisis.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku sakabehe piranti utawa alat bantu sing dipilih lan digunakake panliti sajrone kagiyatan nglumpukake dhata saengga kagiyatan kasbeut dadi sistematis lan nggampangake marang panlitene (Arikunto, 2009:227). Sajrone panliten iki, panliti uga minangka punjere instrumen panliten, nanging saliyané nindakake panliten ana saperangan piranti kanggo kabutuhan panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Mula Bukane Tradhisi ing Pasareyan Sunan Bejagung

Tradhisi kang ana ing pasareyan Sunan Bejagung maneka warna jinise. Tradhisi sing nganti saiki diugemi dening masyarakat desa Bejagung lan masyarakat kang sowan ing pasareyan saperlu ziarah utawa saperlu liyane iki mula bukane saka ngugemi pitutur becik tokoh masyarakat kang mulangake agama Islam ing tanah Jawi lan ing Kabupaten Tuban mligine yaiku Sunan Bejagung. Sunan Bejagung dadi tokoh masyarakat sing dikormati banget ing desa Bejagung kerana daya pangaribawane gedhe banget minangka sunan kang tumut nglairake para wali sanga. Daya pangaribawane Sunan Bejagung minangka tokoh kang wis

kawentar banget sarta cmula bukane tradhisi sing nganti saiki isih diugemi.

Masyarakat minangka panyengkuyung tradhisi nerusake kebiasaan-kebiasaan lan pitutur becik saka leluhure yaiku Sunan Bejagung, saka petikan wawancara karo Mbah Munandar nuduhake yen ora mung masyarakat Desa Bejagung sing ngugemi dawuhe Sunan Bejagung ing jaman biyen kalebu masyarakat saka njaba uga dadi panyengkuyung tradhisi lan kapitayan ing pasareyan Sunan Bejagung. Manganan, barikan, dhawetan lan slametan-slametan liyane sing rutin ditindakake ing pasareyan ora mung masyarakat sakiwatengene pasareyan sing nindakake nanging masyarakat saka njaba sing nduweni ahli wars pasareyane ing Bejagung utawa ora nduwe ahli waris neng Bejagung uga tumut nguri-uri perangan cilik saka kabeh tradhisi lan kapitayan ing pasareyan. legendha dhewe-dhewe nanging raket sambungane.

Mitos sajrone Pasareyan Sunan Bejagung

Pasareyan Sunan Bejagung kalebu salah sawijine pasareyane Wali ing Kabupaten Tuban sing saben dina mumpel para peziarah sarta kalebu panggonan sing kebak tradhisi lan kapitayan-kapitayan sing nganti saiki isih diugemi dening masyarakat lan para peziarah. Kahanan kaya mangkene ora bisa uwal saka Sunan Bejagung sing dadi leluhur Desa Bejagung, tiyang kang wis maringi pitutur becik, patuladhan becik, lan elmu babagan agama Islam ing masyarakat. Mula legendha Sunan Bejagung sarta kapitayan-kapitayan ngugemi saka kebiasaan-kebiasaan utawa dawuhe lan kapitayan masyarakat marang bangunan tetinggalane kalebu mitos sing nganti saiki isih dipitayani ing pasareyan Sunan Bejagung.

Legendha Sunan Bejagung

Sunan Bejagung kalebu salah sawijine Waliyullah sing kawentar panyebar agama Islam ing tanah Jawa kang wis kawentar utamane ing Kabupaten Tuban. Ulama kang miyos ing Hadrah Maut utawa Yaman kasebut paring asma saking ramane yaiku Sayyid Maulana Abdullah Asy'ari bin Sayyid Maulana Muhammad Jumadil Kubra, nalika

panjenengane dakwah lan isih sugeng panjenengane katimbangan kanthi asma Mbah Modin kang asale saka salah sawijine asmane yaiku Syaikh Mahmudin utawa Syaikh Alamuddin nganti saiki kawentar kanthi asma Sunan Bejagung I (Lor).

“Silsilah Sunan Bejagung iki asmane Sayyid Maulana Abdullah Asya'ari utawa siMbah Mahmuddin wong nyeluk Mbah Modin iki putrane Sayyid Maulana Muhammad Jumadil Qubro petilasane makame ana ing Troloyo Trowulan Mojokerto padha karo maqom-maqom wali liyane uga didadekna cagar budaya Islam lan dilindungi, Sunan Bejagung nduweni garwa nduweni putra 3, pambarepe Syekh Abdul Rokhim kawentar kanthi asma Sunan Pojok BLora, sing nomer Loro Nyai Faiqoh iki manggon ing Bejagung Kidul, wuragile Mbah Sunan Waruju utawa Syekh Affandi maqome ana ing pojoke mesjid Sunan Bejagung Lor sanjabane cidheke pawon nadzar rada keperik ngidul.

Putrane Syekh Abdur Rokhim didhaupna karo putrine Nyai Faiqoh saka kene mangke gadha putra nganti tekan Maja Agung II Maja Agung nduweni dulur Sunan Mruwut sing dimakamna neng kene, dadi iki turunan ke 6, Sunan Bejagung gadhah dulur 12 nanging sing kawentar 3, yaiku Mbah Ibrahim Asmara Qondi ing Palang, Mbah Bejagung, lan Mbah Maulana Ishaq sekabehe nuruna wali sanga. Nek karo Sunan Bonang raket sambungane, Sunan bonang putrane Ampel, Sunan Ampel putrane Mbah Ibrahim dene Mbah Ibrahim kangmase Sunan Bejagung dadi Sunan Bonang iku putu ponakane Mbah Bejagung kalebu Sunan Drajat barang. Sunan Bejagung wali sing ana sedurunge wali sanga, Sunan Bejagung siji-sijine Sunan sing bisa diterima ing Majapahit kabuktekake kanthi penganugrahan Kasunanan padahal Majapahit lak ora Kerajaan

Islam, nyambung mengisore karo Bupati Tuban amarga putra mantune Bupati Tuban Arya Teja I iku santrine Mbah Bejagung kang naik tahta dadi Bupati Tuban jejuluk Arya Teja II saengga wiwit Arya Teja II Bupati Tuban agamane Islam lan kabeh ajaran saka Mbah Bejagung ditrePake. Raket sambungane karo Wilwatikta.” (Pak Pardani, S.Pdi, 20 Maret 2017)

Sunan Bonang, salah sawijine wali sanga kang kawentar banget ing kutha Tuban uga Sunan Drajat kalebu putu ponakan Sunan Bejagung. Sunan Bonang yaiku putra saka Sunan Ampel lan putu saka Syekh Maulana Ibrahim ora liya kangmase Sunan Bejagung. Sabanjure Sunan Bejagung lan sunan Gresik utawa Asmoro Qondi milih kutha Tuban minangka omah kang pungkasan kanggo mungkasi dakwah panjenengane nyebarake ajaran agama Islam ing Kadipaten (Kabupaten) Tuban saka ramane Syech Jumadil Kubro nalika kejayaan kerajaan Pasai surut abad 14 masehi, uga ing kutha Tuban nalika kekalihe kapundhut dimakamna, saengga kutha Tuban nganti saiki jejuluk bumi wali. Maulana Ibrahim Asmoro Qondi pasareyane ana ing desa Gesikharjo Kecamatan Palang arah wetan 5 km saka Tuban kutha. Sunan Bejagung nalika kapundhut dimakamna ing desa Bejagung Kecamatan Semanding arah ngidul 2 km saka tuban kutha. Rama kekalihe yaiku Sayyid Maulana Muhammad Jumadil Kubra nalika kapundhut dimakamna ing Troloyo Trowulan Kabupaten Mojokerto.

Bisa katimbangan Sunan Bejagung wiwitane saka kasunanan, kasunanan dhewe ana amarga anugrah saka kerajaan Majapahit. Sunan Bejagung raket banget sambungane karo kerajaan Majapahit kerana putra mantune Sunan Bejagung utawa Sayyid Maulana Abdullah Asya’ ari yaiku Pangeran Kusumo Hadiningrat utawa Pangeran Sudimoro putra mahkota kerajaan Majapahit prabu Brawijaya IV utawa raja Hayam Wuruk kang sowan ing perdikan Bejagung lan meguru marang Sunan Bejagung miturut dawuh saka Syech Jumadil Kubro agawe nyinauni ilmu tauhid marang Syech Asya’ ari. Kerana wara’ine banjur putra

Mahkota Prabu Brawijaya IV kasebut didhauPake karo putrine Sunan Bejagung yaiku Nyai Faiqoh. Mula saka kene bakale ana Sunan Bejagung Lor lan Sunan Bejagung Kidul.

Karomah Sunan Bejagung

Ana saperangan manungsa kang diparingi anugrah awujud kaluwihan saka Allah SWT. Kaluwihan saka Gusti Allah tumrap para hambane kang istimewa, istimewa ing kene bisa ditegesi ora tau nglembana lan tansah bekti marang Gustine saengga diparingi kaluwihan awujud Karomah, kaluwihan kang dianugrahake Gusti Allah tumrap hambane kang sinebut sunan arane karomah, dene kaluwihan kang dianugrahake Gusti Allah tumrap hambane kang sinebut nabi lan rasul arane mukjizat mung pawongan-pawongan kang teken lan tekun marang agama lan sing nggawe urip sing bisa antuk anugrah kaya mangkene. Sunan Bejagung kagolong kinasih Gusti Allah lan nggadahi saperangan karomah antarane.

(1) Muadzin lan penyulut pelita.

Pasareyan panjenengane nganti saiki dikramatake masyarakat amarga rikala panjenengane isih sugeng, panjenengane muadzin lan *penyulut pelita* (lampu) neng Masjidil Haram. Saben sore manjing wektu adzan maghrib, Sunan Bejagung Lor tindak menyang Masjidil Haram Mekah saperlu adzan lan *penyulut pelita* (lampu), namung panjenengane kang bisa nglekasanani tugas kasebut. Senadyan wektu manjing sholat maghrib panjenengane ing Masjidil Haram nanging nalika wektu sholat isya panjenengane wis ana ing satengahe atusan santrine agawe ngimami sholat isya jamaah neng masjid agung Sunan Bejagung.

(2) Siti Garet lan Watu Gajah

Pangeran Sudimoro, putra mahkota kerajaan Majapahit kang ora nduwe kepengenan dadi putra mahkota kerajaan Majapahit nanging luwih milih ninggalake kerajaan Majapahit la meguru ngangsu kawruh. Panjenengane tindak menyang Tuban kanthi tujuwan manggihi guru elu syariat, tarekat, hakikat, lan marifat. Lumaku miturut wejangan saka Syekh Jumadil Kubra, panjenengane

kepanggih Sunan Bejagung Lor. Banjur pangeran Sudimoro nglampahi pasinaon ngaji marang Sunan Bejagung Lor nganti bisa dadi pribadi kang alim. Nalika Pangeran Sudimoro nglampahi pasinaon ngaji ing Kasunanan Bejagung, Prabu Brawijaya IV utawa Raja Hayam Wuruk paring dhawuh marang patihe Gajah Mada lan wadya balane agawe ngajak putra mahkota (Pangeran Sudimoro) balik menyang Kerajaan Majapahit. Warta kasebut kasil dirungu dening Pangeran Sudimoro, banjur panjenengane sowan lan nyuwun lelungan sarta bantuan marang Sunan Bejagung Lor agawe nampik kapengenan Sang Prabu Hayam Wuruk. Kerana Pangeran Sudimoro nduweni krenteg nyinauni ilmu agama Islam. Kapengenan Pangeran Sudimoro kasebut dikabulna dening Sunan Bejagung Lor.

Sunan Bejagung banjur nindakake apa kang wis dadi kasedyane tumrap Pangeran Sudimoro kanthi cara nggareti lemah sakiwatengene Padhepokan Kasunanan Bejagung, garetane awujud segi empat ngluwengi sakiwwa tengene Kasunanan Bejagung supaya tentara Majapahit ora bisa mlebu kasunanan Bejagung. Nalika mahapatih Gajah Mada kang kawentar ilmu lan aji-ajine barat ketiga sarta wadya bala tentara Majapahit nduweni krenteg nyusul Pangeran Sudimoro ing Kasunanan Bejagung. Kasunyatane tentara Majapahit ora bisa mlebu ing tlatah Kasunanan Bejagung, uga mahapatih Gajah Mada kang kawentar nduweni aji-aji barat ketiga.

(3) Iwak dhodhog saka godhong waru

Nalika sekabehe wadya bala gajah saka kerajaan Majapahit dadi watu, para tentara Majapahit mbalik ing Majapahit lan lapor marang Prabu Hayam Wuruk yen kabeh wadya bala gajah kerajaan Majapahit dadi watu ing Kabupaten Tuban. Banjur Sang Prabu paring dhawuh marang maha patih gajah Mada (kawentar kanthi aji-aji barat ketiga) agawe njalal kepriye kesaktene Sunan Bejagung. Maha Patih Gajah Mada nglurug tanpa wadya bala tumuju ing pesisir Lor Kadipaten Tuban, panjenengane memba lan paring asma Barat Ketiga (salah sawijine ilmu dhuwur kang digadahi Gajah Mada).

Panjenengane banjur ngubleg-ubleg banyu segara nganti buthek lan memba yen arep golek iwak dodok, kadadeyan kaya mangkono diweruhi Sunan Bejagung. Sunan Bejagung kang wis weruh banjur takon, nalika mangsuli pitakonane Sunan Bejagung Patih Gajah Mada ngendika yen lagi golek iwak dodok kanggo adhine wadon sing lagi nyidam kepengen iwak dodok. Pungkasane Sunan Bejagung gunakake lontar lan nggawe timba. Barat Ketiga sing ora liya Patih Gajah Mada diprentah supaya njupuk godhong waru. Timba utawa tempayan lontar diisi gunakake banyu lan godhong waru dilebokna sajrone timba. Ora let suwi godhong waru kang dilebokne sajrone timba malih dadi iwak dodok. Dadi pangeling-eling nganti saiki warga desa Bejagung yen kenduri utawa bancakan reresik desa mesthi iwake gunakake iwak dodok ora tau gunakake iwak liyane.

(4) Maja Agung

Maha Patih Gajah Mada kang memba jeneng dadi Barat Ketiga ora cukup anggane nguji kesaktene Sunan Bejagung Lor. Panjenengane isih durung marem, sabubare ngombe banyu klapa, panjenengane memba yen isih ngelak lan pengen ngombe banyu sing akeh lan diomongna marang Sunan Bejagung. Banjur Barat Ketiga diutus Sunan Bejagung nengga akal dipundhutna banyu. Ora let suwe Sunan Bejagung rawuh sinambi nggawa banyu dilebokna sajrone wohe maja cilik (sinebut maja sing ana rine). Nalika weruh apa kang dilampahi Sunan Bejagung Barat Ketiga mung mesem kerana banyu mung sethithik dilebokne sajrone wohe maja sing wis dibeleh dadi rong bageyan. Dheweke nganggep kepriye carane banyu mung samono bisa ngilangna ngelak. Nanging nalika banyu saka wohe maja diombe banyune isih wutuh lan ora tau asat, dene wohe maja kasebut sinebut kanthi jeneng Maja Agung.

Kapitayan sajrone pasareyan Sunan Bejagung

Kapitayan jinise maneka warna, bisa uga pitaya marang Gustine minangka tuntunan uripe, pitaya marang fungsi lan makna tradhisi kang sinambungan raket karo uripe agamane, pitaya marang samubarang kang ora katon dening panca indriya, sarat pitaya marang situs-

situs tininggalan tokoh masyarakat kang gedhe daya pangaribawane tumrap bebrayan lan agama. Semana uga ing MLTIPSB iki bakal kaandharake kapitayan-kapitayan sing nganti saiki isih terus lumaku ing satengahe bebrayan kaya ing ngisor iki.

(1) Banyu sumur Gemuling

Sumur Wali kang usiane wus ewunan taun kasbeut jerune punjul 40 meter. Sumur kasebut digawe dening Sunan Bejagung Lor kerana panjenengane mangerteni yen lemah perdikan garing. Saliyane ora tau asat nalika digawe nyukupi kabutuane pendhudhuk sakupengen padhepokan, banyu sumur uga nduweni maneka werna paedha kayadene bisa dadi taba penyakit gatel-gatel, penyakit njero kang ora bisa dideteksi medis, pengasihan, lan antuk keslametan. Banyu sumur uga digunkake kanggo sarana njangkepi unen utawa mujudake nadzar wong tuwa menyang putra-putrine. Tuladhane nalika putra-putrine lagi lara wong tuwa nadzar yen putra utawa putrine waras bakal diadusi ing sumur Wali, apa kang wis metu saka lathi minangka nadzar becike dilampahi amarga wis padha karo kewajiban, yen ora dilampahi bakale dosa lan ana pertanggungjawabane ing tembe mburi.

(2) Kemis Pon malem Jemuwah Wage

Samubarang-samubarang kang asring ditindakake Sunan Bejagung minangka Waliyullah bakale diterusna dening para santri-santri panjenengane banjur dipitayani dening masyarakat lan dianggep dadi salah sawijine samubarang kang pener lan api. Amarga masyarakat percaya yen solah bawa lan kebiasaan-kebiasaan saka kinasih Allah bakale berkah yen diterusna dadi kebiasaan ing bebrayan. Kaya dene kebiasaan masyarakat lan para peziarah saben dina Kemis Pon malem JemuwahW. Para peziarah nggugemi kaberkahan dina Kemis Pon malem Jemuwah Wage, miturut kapitayan para peziarah lan masyarakat sakupengen pasareyan dina Kemis Pon malem Jemuwah Wage kalebu dina sing paling istimewa kanggo sowan ing pasareyan Sunan Bejagung Lor lan Kidul.

(3) Ora dodol sega ing sakiwa tengene pasareyan

Salah sawijine kapitayan masyarakat sakupenge pasareyan Sunan Bejagung Lor lan Kidul kang kagolong unik banget yaiku para masyarakat sing dodolan ing sakiwa tengene pasareyan ora ana sing wani dodol sega. Sakiwa tengene pasareyan bisa kita deleng akeh banget para masyarakat sing golek rejeki arupa dodolan kembang sekaran, dhaharan, ombenan, nanging saka sekabehane ora ana sing dodol sega nanging yen dodol lontong bisa kerep kita deleng. Kahanan unik lan dipitayani dening masyarakat nganti saiki diwiwiti saka tradhisi nadzar masyarakat sing kerep digawa menyang pasareyan Sunan Bejagung Lor lan Kidul sarta dIslametna lan dikepungna bucing ing kompleks pasareyan Sunan Bejagung. Amarga anane upacara ritual penadzar kang ditind akake ing cungkup penadzar prasadat sabendina ditindakake, utamane ing dina Kemis Pon malem Jemuwah Wage akeh banget para peziarah lan masyarakat sing njangkepi nadzar lan unine yen bakale slametan ing pasareyan.

(4) Pantangan mangan iwak Meladang

Kapitayan ana merga masyarakat kang ngajeni sesepuhe saengga samubarang apik kang ditindakake dening sesepuhe diterusna lan titahe sesepuh dianggep bisa ndadekake berkah urip ing bebrayan, kapitayan ora bakal ana yen masyarakat pendahulune ora nduweni keterikatan karo sesepuh. kapitayan ora oleh mangan iwak meladang. Kapitayan iki adhedhasar saka kadadeyan Sunan Bejagung Lor sing diceblokna ing satengahe segara dening jin sing memba dadi santri panjenengane kang saguh nggendong panjenengane nalika arep dadi pelita lan muadzin ing Masjidil Haram, ana pantangan kanggo masyarakat Bejagung sakiwa tengene utamane katurunan langsung Kanjeng Sunan Bejagung.

(5) Pesugihan

Pesugihan utawa ngalab berkah ora uwal saka urip ekonomi sing kacingkrangan utawa bekal ilmu agama sing kurang. Kerana tuntutan ekonomi dadi panyebab sing paling akeh nalika pawongan cupet pikire kepengen sugih nanging cepet. Karana kuwi ditindakake nggunakake cara-cara sing ora becik kayadene sekutu karo

jin, setan, bangsa ghaib liyane. Perkara kaya mangkene lumrah kadadeyan ing saben panggonan sing dikramatna ora kajaba ing pasareyan Sunan Bejagung, senadyan pasraeyan Waliyullah waline Gusti Allah kang nyebarake agama Islam ing Kabupaten Tuban, ngasta ajaran agama kang becik. Akeh para masyarakat sing sowan ing kompleks padhepokan Bejagung sing saiki dadi kompleks pasareyan Sunan Bejagung kang nduweni niat ati sing mlenceng, yaiku kepengen sugih lan nyuwun dibiyanu Mbah Juru Kunci supaya njupuk pesugihan ing pasareyan Sunan Bejagung. Kaya kang diandharake Juru Kunci ing ngisor iki.

“Wong bakulan saka pasar langsung melbu mrene nyuwun didongane ya oleh padahal saka pasar langsung sowan ora leren siram awake ya durung resik dagangane ya laris, sing wong tani rampung teka tegalan mrene clononan cekak nyuwun didongane supaya asil tanine berkah akhire ya kasembadan asil tanine melimpah ruah, akhire sing pegawai ya sowan mriki didongane enggal munggah jabatan kanthi barokah, amarga kabeh dongane padha kasebadan dadi melegenda nganti saiki yen ing maqom Bejagung Kidul sing sowan akeh jinise, ora mandhang Pakeyane kudu sopan, kudu sorbanan, kudu sarungan, kudu kopyahan kudu jilbaban ora Mbak sapa wae sing mrene didongakne kabeh karo Mbah pengulu saka sipat kasih sayange sing gedhe banget neng wong cilik dongane Mbah pengulu kuwi mustajabah banget, akeh sing nyuwun ndonga ten mriki supaya cepet sugih lan terkabul dongane saka akehe sing ndonga cepet sugih lan terkabul uga malah akeh masyarakat sing salah arti yen mrene mek pesugihan. Yen ana sing sowan mrene ngomong neng aku kanggo njaluk pesugihan ya tak omongi tak lurusna mekaten Mbak nek pamikirane kliru penafsirane kaluwihan.” (Pak Supadi, 15 Maret 2017)

Sing satemene pesugihan ing Pasareyan Sunan Bejagung iku ora ana, mung akeh para

masyarakat sing nyleweng niate nalika sowan ing pasareyan saengga mitos pesugihan kaya-kaya digethoktularake ing masyarakat liyane. Pamikiran masyarakat didhasari nalika isih sugeng Sunan Bejagung nduweni pribadi sing luma seneng tetulung marang sapa wae ora tau mbedakake senadyan duud wong Islam, wiwit saka kalumanane Sunan Bejagung iki akeh pamawase masyarakat sing nyuwun marang kanjeng Sunan bakal dihijabah dneing Gusti Allah kerana kanjeng Sunan salah sawijine waliyullah lan kinasih Gusti Allah nalika dedongan mesthi dihijabah. Semana uga manungsa sing niate mlenceng bakal dedongan nyuwun sugih ing Sunan Bejagung sing wis kapundhut supaya kasembadan karepe, nanging perkara ngene iki kudu dilurusna yen ora bisa dadi syirik lan musrik.

Kapitayan marang Bangunan Tetinggalan sajrone Pasareyan Sunan Bejagung

Kapitayan lan tradhisi ora bisa uwal saka anane bangunan-bangunan sing nduweni nilai sejarah kang dhuwur banget. Mula anane bangunan-bangunan tetinggalan iki bisa dadi mula bukane kapitayan lan tradhisi. Kayadene ing pasareyan Sunan Bejagung Lor lan Kidul kebak bangunan tetinggalane Sunan Bejagung sing merthandakake isi ajaran saka Sunan Bejagung.

Tradhisi ing Pasareyan Sunan Bejagung

Tradhisi yaiku perilaku turun-temurun saka sesepuh kang diterusna dening para muda lan dadi bageyan saka pnguripan salah sawijine klompok masyarakat kebiasaan sing ditindakake wiwit biyen nganti saiki, ora tau ditinggalake saengga dadi bageyan saka masyarakat sing nindakake tradhisi kasebut. Tradhisi dianggep nduweni piguna tumrap masyarakat lan bakale dingleluri dening masyarakat papan tradhisi iku lair lan minangka panyengkuyunge. Tradhisi lumaku kanthi cara turun-temurun lumantar informasi lisan utawa non lisan. Tradhisi rata-rata bisa ngrembaka ing dhaerah-dhaerah sing isih ngugemi adat-istiadat saka jaman sesepuh sing nduweni daya pangaribawa gedhe tumrap bebrayan. Tuladhane sosok Sunan Bejagung kang kharismatik lan kebak karomah dadi cikal bakal

agama Islam bisa ngrembaka ing Kutha Tuban lan ing Desa Bejagung mligine. Raket sambungane karo rasa pangrasane saben pawongan, mula kapitayan tradhisi ora bisa saben pawongan dipeksa kudu melu nindakake lan ngleluri tradhisi. Nganti saiki ana pirang-pirang tradhisi kang raket sambungane karo Sunan Bejagung sing wis kapundhut lan pasareyane kajaga lan dadi papan ngrembakane tradhisi-tradhisi kaya dene manganan, haul, nadzar, dawetan, barikan, kedhug sumur, lan sumpah pocong.

Uba Rampe sajrone MLTIPSB

Uba rampe yaiku sekabehane samubarang kang dadi panjangkep sajrone tradhisi-tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung sing ora kenal ditinggal nalika tradhisi ditindakake. Maneka werna uba rampe sing digunakake sajrone MLTIPSB yaiku: dupa, kembang setaman, panggang, ingkung, rengginang, gedhang, urap-urap, gedhang raja, lan jajan pasar kabeh nduweni teges lan makna becik kang dadi pralambang pangarep-arep saka sing nduwe khajat.

Fungsi sajrone MLTIPSB

MLTIPSB minangka warisan leluhur kang diwarisake leluhur kanthi turun temurun lan diugemi dening masyarakat desa Bejagung. MLTIPSB iki nduweni teges lan fungsi tumrap masyarakat iku dhewe. Kapitayan iki uga bisa dideleng saka segi simbol lan makna sajrone bangunan-bangunan tetinggalane Sunan Bejagung kaya kang wis diandharake sadurunge, mula bisa menehi gegambaran yen MLTIPSB nduweni fungsi-fungsi tartamtu tumrap masyarakat panyengkuyunge, kayadene Minangka sistem proyeksi, Sarana pengesahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, Sarana pendhidhikan, Nilai religi, Nilai sosial, Nilai etika, Sarana piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya aturan ing bebrayan tetep bisa diugemi, Sarana ngraketake paseduluran, Minangka kanggo nentremake ati, Minangka sarana kanggo ngalab berkah, Minangka sarana pelestari budaya, Minangka sarana ningkatake gotong-royong, Minangka sarana panggulawenthah tumrap para mudha.

Nilai Budaya sajrone MLTIPSB

Nilai kabudayan iki kanthi ora sengaja tuwuh ing masyarakat lan nduweni guna kanggo pedhoman urip manungsa ing bebrayan. Nilai siji lan sijine nduweni sesambungan kang raket banget. Saka sesambungan kuwi nilai kabudayan bisa dadi pendorong manungsa supaya bisa menehi patuladhan ing bebrayan. Ing sajrone MLTIPSB ana saperangan nilai kabudayan kang bisa menehi patuladhan-patuladhan kang becik. Nilai budaya kang kinandut sajrone MLTIPSB yaiku: Nilai Pangabekten, Nilai tulung-tinulung, Nilai Kerukunan, Nilai tresna marang liyan, Norma kesusilaan, Norma kesopanan, Norma agama.

Panemune Masyarakat

Ora ana sing salah ngenani kabeh pamawas lan pamikire masyarakat, kabeh nduweni pamanggih sing beda-beda marang siji panggonan iku lumrah. Saliyane pamanggih saka masyarakat luas uga ana asile angket utawa kuesioner sing wis kasebar ing masyarakat desa Kowang Selatan Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban ngenani kapitayan lan tradhisi ing pasareyan Sunan Bejagung. Saka asil reka dhata angket meh 70% warga desa Kowang Selatan Kecamatan Semanding ngerteni sapa iku Sunan Bejagung, neng ngeendi papan dununge, lan crita ngenani legendhane. Nanging tingkat keberagaman masyarakat ngennai iki dhuwur banget, ana sing weruh saka asile maca sumber sejarah, ana sing weruh amarga crita saka wong liya utawa digethoktularake, lan ana saperangan sing weruh nalika sowan ing Bejagung lan diwenahi crita ing kono. Kabeh koresponden kang cacahé 30 pawongan mitayani kabeh tradhisi lan kapitayan sing nganti saiki isih ana ing Bejagung, nanging mung 20% sing nate ndherek ngleksanani tradhisi ing Bejagung liyane ora tau nanging weruh yen akeh banget tradhisi neng kono. Saka kabeh cacahé koresponden 60% koresponden nate sowan ing Bejagung saperlu ziarah lan sing 20% merga ana perlu liya. Nanging 20% koresponden mangsuli yen ora tau sowan ing pasareyan Sunan Bejagung masiya perlu ziarah utawa perlu liya. Nalika

ditakoni tanggapané ngenani keberlangsungan kapitayan, tradhisi, sarta situs-situs tetinggalan Sunan Bejagung 50% koresponden maringi pamanggih yèn kabèh iku perlu banget dijaga lan dilestarekake supaya kabudayaan dhaerah ora ilang lan dadi idhéntitas Kabupatèn Tuban, dene sing mangsuli yèn perlu banget pamarentah ndukung masyarakat panyengkuyung kabudayan ing pasareyan Sunan Bejagung kanggo sarana pasinaon lan pitutur becik tumrap para muda minangka generasi penerus bangsa supaya ora ngilangi idhéntitasé saéngga bisa njaga solah bawa lumantar kabudayaan cacahé 30% saka 30 koresponden.

Saka 30 koresponden diperang dadi telung perangan miturut umur, nomer siji yaiku wewatesan umur 15-25 taun, nomer Loro 26-40 taun, dene sing pungkasan golongan 41-60 taun. Saka telung perangan lan dilebokake dhewe-dhewe miturut golongan umur paling sethithik koresponden kang mlebu golongan nomer siji yaiku 15-25 taun kalebu golongan rumaja lan para muda sing cacahé ana 5 pawongan saka sakabèhé jumlah koresponden. Sabanjuré nomer Loro yaiku golongan umur 41-60 taun, yèn dideleng saka umuré golongan iki mlebu golongan pawongan kang wis sepuh kang accahé ana 7 pawongan saka jumlah koresponden, sene sing paling akeh yaiku golongan nomer Loro kang umuré 26-40 taun cacahé ana 18 pawongan yèn dideleng saka umuré golongan iki kagolong pawongan sing wis mulai diwasa.

PANUTUP

Dudutan

Saka andharan kang wis diandharake ing bab-bab sadurung mula bisa didudut yèn MLTIPSB minangka kapitayan lan tradhisi kang wis ditindakake dening masyarakat désa Bejagung wiwit suwi banjur masyarakat saka dhaerah ngendi-ngendi padha melu handarbeni lan nyengkuyung kabukti kanthi saya akehe masyarakat njaba sing sowan saperlu ziarah lan kaperluwan liya. Ngenani mula bukane MLTIPSB diwiwiti saka legendha Sunan Bejagung. Bisa katimbangan Sunan Bejagung wiwitane saka kasunanan, kasunanan dhewe

ana amarga anugrah saka kerajaan Majapahit. Sunan Bejagung raket banget sambungane karo kerajaan Majapahit kerana putra mantuné Sunan Bejagung utawa Sayyid Maulana Abdullah Asya' ari yaiku Pangeran Kusumo Hadiningrat utawa Pangeran Sudimoro putra mahkota kerajaan Majapahit prabu Brawijaya IV utawa raja Hayam Wuruk kang sowan ing perdikan Bejagung lan meguru marang Sunan Bejagung miturut dawuh saka Syech Jumadil Kubro agawe nyinauni ilmu tauhid marang Syech Asya' ari. Kerana wara'iné banjur putra Mahkota Prabu Brawijaya IV kasebut didhauPake karo putrine Sunan Bejagung yaiku Nyai Faiqoh. Mula saka kene bakale ana Sunan Bejagung Lor lan Sunan Bejagung Kidul. Kapitayan lan tradhisi akeh banget jinisé sing nganti saiki isih diugemi dening masyarakat luas lan masyarakat désa Bejagung mliginé. Wiwit saka haul mengeti dina lairé kanjeng Sunan Bejagung, manganan utawa sedekah bumi kanggo ngormati para leluhur, barikan, dawetan minangka tata rakite saka tradhisi kedhuk sumur utawa ngresiki sumur kang ditindakake rong tau sepisan, tradhisi nadzar kang kebak nilai moralitas syukur marang Gusti Allah, nganti sumpah pocong sing saiki wis ora diparingi ijin kanggo ditindakake ing pasareyan Sunan Bejagung. Dene kapitayan kang kinandhut ing pasareyan Sunan Bejagung akeh banget wiwit saka mitayani banyu sumur gemuling yèn ing Lor lan banyu genthong tetinggalane Bejagung Kidul sing mujarab kanggo kabèh perkara, kapitayan nalika dina Kemis Pon malem Jemuwah Wage kagolong dina sing paling apik kanggo sowan ngrampungake kabèh perkara utawa mung ziarah ing pasareyan, kapitayan-kapitayan kang raket sambungane karo karomah Sunan Bejagung nalika adhepan karo wadya bala prajurit Majapahit.

Pamrayoga

- (1) Generasi enom kudu bisa nglestarekake kabudayan dhaerah supaya kabudayan dhaerah kang ana ora dijupuk bangsa liya. Masyarakat Jawa kuduné ngerteni lan ngrembakake Folklor separo lisan kang awujud kapitayan lan tradhisi-tradhisi,

amarga kapitayan lan tradhisi sing urip lan cedhak ing satengahe masyarakat wigati banget kanggo diuru-urup.

- (2) Kabupaten Tuban minangka tilas saka tetinggalan-tetinggalane Sunan Bejagung kang antuk panghormatan awujud kasunanan saka kerajaan Majapahit, akeh ditemokake tetinggalan sejarah, mula kanggo warga Kabupaten Tuban lan masyarakat desa Bejagung mligine supaya bisa nindakake nilai-nilai budaya kang ana sajrone MLTIPSB kasebut.
- (3) Bisa menehi paedah marang wong kang durung ngerteni ngenani MLTIPSB sing manggon ing Desa Bejagung Kecamatan Semanding Kabupaten Tuban.

KAPUSTAKAN

- Ahmadi, Abu. 1986. *Antropologi Budaya*. Surabaya: CV Pelangi.
- . 1997. *Ilmu Sosial Dasar*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Geertz, Clifford. 1981. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Utama.
- Herusatoto. 1984. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graham Widya.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang TerluPakan*. Surabaya: HISKI
- Koentjaraningrat. 1984. *Kabudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana.
- Luxemburg. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Moleong, J Lexy. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Gramedia.
- Mulder, Niel. 1984. *Kebatinan dan Hidup Sehari-hari Orang Jawa Kelangsungan dan Perubahan Kultural*. Jakarta: PT. Gramedia.
- Pateda. 2001. *Semiotik Leksikal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Pranawa, Sudaryanto. 2001. *Kamus PePak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Konggres Basa Jawa.
- Poerwadarminta. 1939. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: alai Pustaka.
- Purwadi. 2005. *Upacara Tradisional Jawa, Menggali Intaian Kearifan Lokal*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Soedarsono, Prof.Dr. 1986. *Kesenian, Bahasa, dan Folklor Jawa*. Yogyakarta.
- Soekanto, Soerjono. 1993. *Struktur Masyarakat*. Jakarta: Citra Niaga Rajawali Press.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- . 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.